Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
2 сентябрь
РУЗМАН

№36
(7419)

Газета бахъизе
байбихьана
1937 соналъул
1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Сон районалъул школазда байбихьана цIияб цIалул сон**

## ЦIияб цIалул соналде лъикIаб хIадурлъигун

### Районалъул учительзабазул августалъулаб данделъи

25 августалда Агъвали маданияталъул КIалгIаялда тIобитIана районалъул учительзабазул августалъулаб данделъи. Гъенир гIахьаллъана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов, Дагъистан республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъул отделалъул нухмалъулев ХIажи ХIажиев, МахIачхъала шагьаралъул кIиабилеб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад ИмангIалиев, районалъул прокурор Иляс Вакилов, районалъул жанисел ишазул отделалъул начальник Элдар МухIамадов.






Учительзабазда цIияб цIалул сонги баркулаго, араб цIалул соналъул хIасилазул ва районалда лъай кьеялъул даража борхизабиялда церечIарал масъалабазул бицана АнвархIажи Вечедовас.

«Районалда лъайкьеялъул хIалтIи букIине ккола тIадегIанаб даражаялда, гьелъие гIуцIулел руго шартIалги. Инхокъвари ва Хонохъ росабалъ ран рагIалде рахъана цIиял школал, хутIарал дагь-дагькkун къачIазе руго. Дагъистаналъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул проектазул цояблъун ккола росдал магIишат цебетIезабиялъул суал. Гьеб рахьалъ лъикIаб хIалтIи байбихьун буго Гъоркьгъаквари ва Хуштада школазда. Конкурсалда бергьараб кумекалъулаб магIишат гIуцIараб школалъе хIукуматалъ кьезе бихьизабун буго цо миллион гъурущ гIарцул»,-ян абуна районалъул бетIерас.

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас бицана араб цIалул соналъулгун цогояб пачалихъияб экзаменалъул хIасилазул ва тIадч1ей гьабуна цIияб цIалул соналда лъайкьеялъул идарабазда церечIарал масъалабазул.

КIалъазе вахъарав районалъул учительзабазул профсоюзалъул комитеталъул председатель АхIмаднаби Абакаровас бицана гьеб идараялъул мурад учителасул хIалтIул ихтиярал цIуни бугин. Учительзабазул ихтиярал цIунулаго, щиб хIалтIи гьабурабилан АнвархIажи Вечедовасул суалалъе кьураб гьесул жаваб хашаб букIана.

Щаяли лъаларо, профкомалъги тIалаб гьабулеб гьечIо учительзабазе токалъухъ щвезе кколеб гIарац, тIубараб лъагIел щвечIого аниги.

КIалъазе вахъарав ХIажи ХIажиевас бицана Россиялъул лъайкьеялъул министерствоялъ гьарулел цIилъабазул.

Республикаялда тIобитIараб августалъулаб конференциялда кIвар буссинабуна районалъул росабалъ ругел 3-7 сониде рахарал лъимал ясли-ахаздалъун хьезаризе ккеялде. ЦIалул программаялда рекъон, гьанже лъимал ахаздасаго хIадур гьаризе ккола цIализе ва хъвазе.

Совещаниялда кIалъаял гьаруна Агъвали, ТIинди ва Хуштада школазул директорал Шамил Абакаровас, ГIусман ИсмагIиловас ва Шамил ГIумаровас, Агъвали ва Инхокъвари школазул мугIалимзаби ХI. ГIабдулмажидовалъгун З. МухIамадовалъ.

КIалъаяздаса хадуб букIана доклад гъоркьоблъей ва залалдаса рачIарал суалазе жавабал кьей. Гьединаздаса цояб букIана авар мацIалъул дарсие хъвалел планал ва классалъул журналал цIезаризе кинаб мацIалда кколебилан абураб суал. АнвархIажи Вечедовас гьелъие жаваб гьабуна авар мацIалъул планал хъвай ва журналал цIезари букIине кколин авар мацIалда, ва лъайкьеялъул министерствоялъги авар мацIалъул специалистал ритIизе кколин хал гьабизе рачIунелгун цадахъ.



Зулфия Сажидова

## Нодулярияб дерматит магIарухъеги щвана

### Районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи



Агъвали тIобитIана районалъул администрациялъул коллегиялъул иргадулаб данделъи. Гьеб бачана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас. Данделъиялда гIахьаллъана районалъул росдал администрациябазул бутIрул, магIишатазул нухмалъулел, ветеринариял хIалтIухъаби.

Данделъиялда боцIуда нодулярияб дерматит ва цогидабги бахунеб унти районалда тIибитIизе биччазе бегьунгутIиялъе гьарулел тадбиразул хIакъалъулъ кIалъай гьабуна районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулей ПатIимат Маликовалъ.



Жиндирго кIалъаялда гьелъ рах1атхун бихьизабуна гьеб ва цогидалги унтабазде данде районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабаз гьарулел тадбиразул, росдал администрациябазул бутIрузул гIемерисел гьеб рахьалъ бугеб гIей гьечIеб хIалтIул.

КIалъазе рахъарал районалъул администрациялъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ИсхIакъ Идрисовас, Шаваялда бугеб ветеринарияб участкаялъул нухмалъулев ГIали ПатахIовас, Шава росдал администрациялъул бетIер ГъазимухIамад ХIажимухIамадовас ва цогидазги бицана гьеб унтул ва гьеб гьукъиялда сверухъ цохIо ветеринариял хIалтIухъабаз гуреб, росабазул жамагIатазги гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ.



ХIасилалъул кIалъаялда районалъул бетIерас кьварун лъазабуна росдал администрациябазул бутIрузда гьеб суалалда сверухъ районалъул ветеринарияб управлениялъул тIалабал кьуричIого тIуразе ккей.



Ахиралда къабул гьабуна боцIуда бахунеб унти тIибитIиялде данде гьаризесел тадбирал рихьизарураб хIукмуги ва гьел тIураялъе рихьизаруна болжалгун жавабиял.

Газеталъул пресс-хъулухъ

# Къварилъи ккаразе кумек

**Араб рузман къоялъ цIа ккараб Мокъокъ росулъе гуманитарияб кумекгун щвана нилъер районалъул кьокъа.**



Абула къварилъи-балагъ нилъеда гьикъун бачIунарин. Гьедин ккана гьаб нухалдаги. Бакъул бухIигун гьорол гуч цIикIкIараб кьоло цоабилеб августалъул къоялъ токалъул кваразда циндаго рекIараб цIаялъ бухIун гIодоб лъуна нилъеда мадугьалихъ бугеб ЦIунтIа районалъул Мокъокъ росдал ункъоялда лъабго мина ва, гьелъул хIасилалда, щунусгоясде гIагарун чи хутIана гIумруялъ гьабураб магIишатги рахъуялде сверун, рагъараб зодикь.

ГIадатлъун билълъараб иш буго, киналго цадахъ рахъун, къварилъи ккарасе кумек гьабулеб. Къварилъиялде ккарал мокъокъисезе кумек-хIалае тIолго Кавказ бахьанин абизе бегьула. РатIлилгун кванил нигIматазул, ралел бакIазул материалалъул цIурал КамАЗал хьвадулел руго гьенире. Цогидаздасан нахъе къан хутIичIо нилъер районги. Киса-кибего лъазабуна цIадул балагьалде ккаразе кумек гьабизе ккеялъул хIакъалъулъ. Гьединго хIукму гьабуна пачалихъиял идарабазда хIалтIулелщиназул цо кьоялъулаб хIалтIулаб мухьги кьезе. Бараб ахIи жаваб гьечIого хутIичIо, къварилъи щвараз гIарцул ва кванил нигIматазул кумекгун районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасул нухмалъиялда гьоркь районалъул кьокъаялъ сапар бухьана ЦIунтIа районалде.

Шаури росдал рагIалда чадирал чIвараб городокалда нижеда ватана районалъул бетIер Пахрудин МухIамадэминов бакIалъулаб МЧСалъул хIалтIухъабигун ва администрациялъул цогидалги хIалтIухъабигун. ЦIадул балагьалде ккаразе тIоцебесеб хIажалъиялъе гьарулел хIалтIабазул бицараб гарачIвариялдаса хадуб гьес нилъер районалъул гIадамазе кумекалъухъ баркала загьир гьабуна: «Ниж чIухIарал руго нижее кумекалъе тIоцере рачIаразул кьерулъ нижер мадугьалзаби цIумадисел рукIиналдаса. Баркала нужее, бараб ахIулъги, ахIараб болъги тIоцере рукIунел магIарулазе. Аллагьас цIунаги киналго бальго балагьаздаса».

Хадуб, кванил нигIматазул цIураб машинаги чIехьон, нижеца нух босана Мокъокъибе.

Гьенив нижеда ватана гьеб росугун жанибе унеб Шаури росдал администрациялъул бетIер ГIалибахIарчи ГIалиев росдал гIадамалгун цадахъ рухIарал минабазул хал гьабулев.



«Жакъа гьанире ниж щвей буго умумузул лъикIал гIадатазул цояб. Къварилъи ккаразе кумек хIажат бугин абурабго, бугеб ресалда рекъон, бакIарана гIарацги кванил нигIматалги. Гьаб буго лъикIал ишазул байбихьи. Кумек хадубккунги букIине буго нижер рахъалдасан. Аллагьас цIунаги нилъ киналго гьадинал балагьаздасан, Аллагьасул щцин бахъаралдасан гьаб балагь батугеги ва гьаб кIочараб бихьугеги. Цадахърекъон ва цолъун хIалтIани, хIалтIи цебехун уна.



Мугъги чехьги гIадал нилъецаги хIаракат бахъила нужер къварилъиялъул бадире ралагьун цохIо нужго течIого, кIвараб кумек гьабизе»,-ян абуна саламалъулаб кIалъаялда АнвархIажи Вечедовас.

ГIалибахIарчи ГIалиевас ва Мокъокъ росдал жамагIаталъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна АнвархIажи Вечедовасул цIаралда тIолго цIумадисезе, къварилъи ккедал жидерго кумекалъулаб квер бегьун, къварилъиялъул бадире руссун жал цохIо течIолъиялъухъ.

Районалъул бетIерасда цадахъ гьеб сапаралда гIахьаллъи гьабуна жамгIияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ райадминистрациялъул МухIамадрасул Гагиевас, мобилизациялъулаб хIалтIул ва ГО ЧСалъул специалист ТIагьир АхIмадовас, халкъалъе социалияб рахъалъ кумек гьабиялъул Централъул специалист МухIамад ГIисакъовас, газеталъул мухбир МухIамад Къасумовас.

Аллагьас кири кIодо гьабеги садакъа гьабуразулги гьабизе нигат бугезулги, хасго гьеб рахъалъ жигарчилъи бихьизабураб районалъул больницаялъул коллективалъул.

**Х.Залимханова**

**Наркотикал гьечIеб гIумруялъе гIоло**

## Наркотиказде дандечIараб комиссиялъул данделъи

Дагъалъ цебе, 19 августалда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель М-Р. Гагиевасул нухмалъиялда гьорлъ тIобитIана наркотиказде дандечIараб районалъул комиссиялъул иргадулаб данделъи. Гьениб районалда оперативиябгун профилактикияб операция МАК-2 тIобитIиялъул, наркотикал хIалтIизариялда данде районалда гьабулел хIалтIул хIасилазул ва гьелда сверухъ бакIалъулаб самоуправлениялъул ва исполнителиял органазул профилактикиял тадбиразул хIакъалъулъ информация гьабуна районалда бугеб ОМВДялъул полициялъул начальникасул ишал тIуралев Ражаб ИсхIакъовас. Жиндирго кIалъаялда гьес баян гьабуна гьеб рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул, ва рахIат хвезабулеб бугин бицана Эчеда, Инхокъвари, КIванада росдал администрациябазул бутIруз росабалъ ва гIалахазда габани хьон бекьун бугищали хал гьарияв тIоритIеян ва гьединал ратарал бакIал тIагIинареян кьурал буюрухъал тIураялъул хIакъалъулъ баянал полициялде кьолел гьечIолъиялъ.

Наркотиказде данде гьарулел хIалтIуде кIудияб кIвар кьола школалъул лъималазда ва гIолилазда гьоркьоб гьезул гIумру гьабулеб къагIида лъикIлъизабиялде ралагьизарурал тадбираз,- ян абуна данделъиялъул хIасил гьабулаго М-Р. Гагиевас.

Гьоркьор лъурал суалаздаса комиссиялъ рекъон кколел хIукмабиги къабул гьаруна.

# Хунзахъ - гIолилазул мажлис

24 августалда Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъ Дагъистаналъул гIолилазул министерствоялъ ва информациялъулабгун маданияб битIа-бишун (рекъон) ккеялъул (Координационным информационно-культурным) централъ тIобитIана «Эффективный муниципалитет» абураб гIолилазул форум (мажлис). Гьеб тIобитIиялъул мурад букIана муниципалиял гIуцIабазда гьоркьор лъолел ва тIуразарулел суалазулъ пагьму-махщел бугел гIолилал гIахьал гьари.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна МугIрузулаб территориалияб округалдаса анцIила анлъго кьокъаялъ, гьездаго гьорлъ нилъер районалъул вакилзабазги, бетIералда гIолилазул ишазул, спорталъул ва туризмалъул райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев Муслим ВахIидовгун.



Форумалда гIахьаллъи гьабуна республикаялъул гIолилазул ишазул министр Арсен ХIажиевас, Хунзахъ районалъул бетIер СагIид Юсуповас, гIолилазул ишазул министерствоялъул специалистаз

«ГIадада гуро нижеца кIиабизеги гьаб мажлис Хунзахъ росулъ тIобитIулеб бугеб. Нилъеда бихьулеб буго гьаниб районалъул гIолилалги гIахьал гьарун, хIалтIи гIуцIун бугеб къагIида-куц. Гьедин букIинеги ккола, нилъер хIалтIи хIасил кьолеблъун букIине ккани. Гьединаб хIалтIул хIасиллъун ккола жакъа республикаялда гIумруялде бахьинабизе хIадур бугеб гIолилазул кIикъоялда анцIго проект. Гьеб дагъаб жо кколаро. Нижер министерствоялда цебе рагьун буго республикаялъул ункъабго территориалияб округалъул районазулгун хIалтIи гьабиялъул отдел. Гьелъги цо къадаралъулаб кумек-квербакъи гьабила гIолилал хIалтIудалъун хьезариялъул суал роцIцIинабизе. Жакъа кьоялде щунусго гIолилав хIалтIудалъун хьезавун вуго, гьеб рахъалда гьабулеб хIалтIи жеги лъикIлъизабиялда тIад хIалтIулел руго нижги, нужецаги кьезе ккола нужерго предложениял проектал хIисабалда, ай, гIолилазулги, районалъул тIалъиялъулги нижер минитсерствоялъулги букIине ккола цадахърекъараб ва лъикIал хIасилал кьолеб хIалтIи»,-ян абуна жиндирго кIалъаялда республикаялъул гIолилазул ишазул министр Арсен ХIажиевас.

Жиндирго цевевахъиналда Хунзахъ районалъул бетIер СагIид Юсуповасги гIолилазе гьарана церечIарал масъалаби тIурай, бергьенлъаби. ТIадчIей гьабуна гьеб кинабго ракIалъе бокьухъе тIубазе ккани, лъималазегун гIолилазе кьураб тарбиялъул бугеб кIвараалъул, районазегун республикаялъе рагIи билълъарал, церечIарал масъалабазе къуркьуларел гIолохъаби-специалистал ва нухмалъулел хIажат рукIиналда.

**Х.Залимханова**

ЛъикIал ишал

# Гьабуни, хIалтIи лъугьуна

Театр кIичIалдасан байбихьулин абухъего, нилъер рукъги байбихьула азбар-къоноялдасан, гьениб бугеб гIадлу-низамалдасан. ГIадада гурелъул чачаназги рацIцIа-ракъалъи къватIисан байбихьулеб, батила гьелъул цо магIна.



Араб соналъ райгазеталъул гьумералда дица бицун букIана «Нухъазул участок» авалалда гIумру гьабун ругез жидерго гIаммаб къватI хъил тIун, берцин гьабун къачIаялъул хIукуматалъул кумекалъухъ балагьун ва гьелъ гьабизе тIадаб бугин абун течIого. Квешаб мисал букIунин хехго бахунебан аби буго. Дицаго абила, иш гьедин гуреб, гьелъул гIаксалда бугин: лъикIаб мисалалъул буго рахъ кколеб.

Жакъасеб номералда дие бицен гьабизе бокьун буго гьебго авалалдаса тIадехун бугеб «Насибил коло» авалдалда гIумру гьабун ругел Темирхан Дибировас, Адилхан ХIабибовас, МухIамад Аминовас, ДибирмухIамад Гьадиятулаевас, ГьазимухIамад ХIасановас нухлул участокалъул азбаралда ругездаса мисал босун, кIудияб жигарчилъиялдалъун бетон тIун къачIараб къватIалъул, жидерго харжаздалъун авалалдаго гьабураб гIадлу-низамалъул. Райцентралъул аслиял къватIазул цоябгIун кколеб гьеб къватI берцинлъун ва бацIцIад буго. Гьенисан хьвадула школалде, ясли-ахазде лъимал ва хIалтIуде гIадамал. ЦIад-бакъ бугел къояз хIарщгун хIуралъ босун ин гуребги, хасалоги хIинкъи цIикIкIараб нух буго гьеб циндагояб эхедераб букIиналъ. ЦIадал ранщинахъе гьенисан бехе бач1унеб хъублъиялъ санагIалъи гьечIолъиялде ккезабулеб букIана райцентралъул аслияб къватI.

Авалалъулаз къойил лъалъалаан гьеб нухлулазе хIур дагъабниги гIодоцинедухъ ва щибаб къойил гьенисан хьвадулеза бихьулебги букIун батила гьезул Аллагьасул кириги гIадамазул баркалаги цIикIкIараб хIалтIи. Жакъа гьелго нухлулаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго гьеб хIалтIи гьабуразе.

Минабазул бетIергьабаз жидерго рагьда гьабураб хIалтIул газеталда хьваялъе гIилла ккола гьеб хIалтIи бихьидал, цогидалги районцоязги рахъ кквелин гьезул хIалтIул абун божи-хьул лъей. Гьеб хIалтIиги гIадлуги жидерго рагьда гуребги, киназего гIаммаб нухда Аллагьасе гIоло гьабизе хIесиги ва чIезабиги кIудияб иш буго ва гьелъул кири-даражаги аза-азариде бахинабеги БетIергьанас Темирханил, Адилханил, МухIамадил, ДибирмухIамадил ва ГьазимухIамадил хьизаназегун цогидалги гьенир г1ахьаллъаразе. Такрарлъун абила, Агъвали росдал администрациялъ «Бищун берцинаб, бацIцIадаб азбар-къватI» абун росдал авалазда гьоркьоб конкурс лъазабуни, киназго хIаракат бахьилин цогидаздаса церекараллъун рукIине ва «бищунго-бищунгояллъун» рахьине. Гьабуни, хIалтIи лъугьуна. Гьезго гIадин, лъикIаб мисалалдаса пайда босила цогидаз ва дагьабги берцинлъила нилъер районалъул центр.

Квеш ккараб иш буго, санитариял тIалабалги хвезарун, рошнокъалал гьенир шагьранухда рукIин, аскIор лъималазул ахги, аптекаги, медицинаялъулаб пунктги рукIаниги. Амма батIияб ресги гьечIо - авалги кIудияб буго, пачалихъиял идарабиги аскIор руго ва балеб ришниги гIемер букIуна гьениб.

РацIцIалъи иманалъул бащалъи буго. Жидер иман цIикIкIараб букIин бихьизабуна тIадехун рехсарал хьизаназ. Иргадулаб нухалъги абизе бокьун буго бацIцIадго букIунин лъухьулеб ва бацIцIад гьабулеб гуреб, хъублъи гьабулареб бакIилан. Нилъер рокъоб гIадлу гьабизе ва азбар-къоно къачIазе къватIисан чагIи рачIинегIан чIечIого, жидерго азбар-къватIалде кIвар къурал авалъулазе баркала ва гьелде кантIизе цогидазги, хасго полициялъул ва почалъул отделазда аскIор гIумру гьабун ругел гIадамазегун гьенир ругел пачалихъиял идарабазе, тавпикъ кьеги.

**Хадижат Залимханова**

Тарихалда лъалкI тарал районцоял

# РухIиял церехъаби: Хуштадаса ПирмухIамад-хIажи ва гьесул наслаби

**(Байбихьи - 33 номерала).**

**САЙИДХIУСЕН (р.гI.)**

1861 соналъ накъшубандияб силсилаялъул камилав муршид ПирмухIаммадхIажиясеги (р.гI.) ХIусенхIажиясул яс ПатIиматиеги гьавун вуго СайидхIусен (р.гI.). Гьесие Аллагьасул къадар щун буго 1931 соналъ.

СайидхIусен (р.гI.) вукIун вуго къокъаб лага-черхалъул, берцинаб гьумералъул, гьереси рихарав, ритIухълъи бокьулев, кваараб хасияталъул, къвакIараб ракIалъул, рагIуе хилиплъуларев, къураб рагIи кколев, кидаго гIадамазулгун рагIи данде кколев, гIакълулъай бугев бокьараб суалалъе жаваб жинца кьолев бергьарав гIалимчиги, кашфу-караматалъул бергьарав устарги, пасихIал назмабазул шагIирги. ХIоцоса Нажмудиница абулаанила ХIусейниде гIелмуялъулги, гIакълуялъулги, кашфу-караматалъулги рахьалъ чи гIунтIуларин. СайидхIусенил (р.гI.) къвакIиялъеги, къо хIехьон, жиндирго черх куцаялъеги нугIлъи гьабула гьесул хьвада-чIвадиялъ ва яшав гьабиялъ. Гьесул букIун буго сверухъ сангар къараб хур. Гьеб хур беэнлъизе я рак чIвалароанила, я хIайван биччалароанила чороклъиялдаса хIинкъун. Хуриса бачIараб тIощалил тIехги, ахикьа жиндирго хIалалаб гьветIалдасаги гьабуялдасаги бачIараб пихьги, хIалалаб боцIудаса щвараб тIагIамги кванан гIумру гьабунила гьес. Жиндир гIумруялъул анцIила кIиго сон гьес риязалда тIамун буго ТIадегIанав Аллагь рехсолаго, гьелдаса анкьго сон, хIажат тIубазеги рузманалъул какде инеги гурони къватIиве вахьинчIого, халваталъуб. ГьелдасакIикього сордо-къо я лъел, я кванил къатIра кIалдибе босичIого. КIикього сордо-къоялъ бакъизабураб чохьолги черхалъулги хIалбихьизе гьес щуго килограмм жанибе унеб гьитIинаб гьегь кокомалъул кванан буго, амма щибго хисараб жо лъугьун гьечIо черхалъе. СайидхIусен ккола анцIила кIиго соналъ ТIадегIанав Аллагьасдаса хIинкъун, гьесие хIелун, лагълъи гьабун, гIорцIизегIан кваначIого, кеп щун кьижичIого, сордо-къоялъ тIохол лъабго къайиги бацIцIадаб лъимги гурого кIалдибе босичIого черх куцарав, бецIабгун цIороран ракьул халваталъуб гIумру гьабурав чи. Хелекьуриса ГIабдуллагьил МухIаммадил «Сисжнуялда хварав Хуштадиясе дица хьвараб кагъат квеш букIинадай» абураб назмуялда хьвалеб буго:

**Сардилъ парисазул пиша букIуна**
**Какилъ Къурьан цIали цIва баккизегIан.**
**Бичасул сирияб салам щвезегIан,**
**Анкьго соналъ чIана чIагого хабалъ.**
**Хаважагь разияб низамги гьабун,**
**Гьес кинавго мурид куцарав берцин.**
**ЛахIдогIан къваридал ракьул халватахъ**
**Бокьараца хIехье гьес гIадинаб хIал.**

Жиндирго цIар ХIусен бугониги, гьесда муридзабаз СайидхIусенилан абулаан ва гьеб цIар щулалъунги буго гIадамазе гьесда абизе.

Дагъистаналъул щуабилев имам вицизе ГIандихIоралде бакIарараб жамагIаталъул мажлисалъе бетIерлъи гьабун буго СайидхIусеница (р.гI.). Гьев бетIерлъун теларилан дагIба бан буго кIиго магIарулас, гьесдаса мустахIикъалги чагIи гIемер ругилан абун. Имамлъун Нажмудин вищун хадуб, гьес кIиявго магIарулав жиндихъего ахIун, лъазабун буго кинав чи СайидхIусен (р.гI.) вугевали, ва гьел ритIун руго гьесухъе Хуштада жал мекъал рукIанин, тIаса лъугьаян гьаризе. СайидхIусеница (р.гI.) абун буго живни Аллагьасе гIоло тIаса лъугьанин, амма доб дагIба добго мехалъ зобалазде анилан.

Дагъистаналъул доб заманалъул гIалимзабиги устарзабиги рукIун руго ракIбацIцIадал, берцинаб гIамалалъул, намус-яхI бергьарал, бахIарчияб хасияталъул, гIакълу-лъай жидер цIикIкIарал цIодорал церехъаби. Амма камичIо Дагъистаналъул гIелмияб наслу тIагIинабизе жидеца квербакъаралги, дица цIарал хьвачIониги, Дагъистаналъул тарих лъалев чиясда гьадингоги лъалел ратила гьел.

...Хуштада росдал цояб мажгит сверизабун букIана колхозалъул складалде, хадубин абуни байбихьун буго росдал гIалимзабиги, устарзабиги, бажари бугелги туснахъ гьаризе, гьезул рукъзал риххизе ва магIишат хъамал гьабизе.

Гьаниб рехсей гьабулел муршидзабазулги гIалимзабазулги рукIун ратизе бегьула жидецаго хьварал бусурманчиясе мунпагIат бугел гIелмиял чанги тIахьал, амма гьел рилана, рухIана, тIагIинаруна. БукIун батила нилъедаса гьел ратIа гьариялъе Аллагьасул хIукму.

Халкъалда гьоркьоб аби букIун буго I930 соназ НКВДялъ кIудияб балъголъиялда ургъараб хIилла-макру бугин, тIолго улкаялдаго жасусалги риччан, советияб власть тIаса рехизе, жидер лъай гьечIел, бицаралда божулел гIадамалги ракIарун, халкъалъе репрессиял гьарун, дагьабниги лъай бугел, советияб власть бокьуларел чагIи хIисабалда, туснахъалъур тIамун, тIагIинаризе. Гьелъул хIасил ккола цохIо Хуштада росулъа лъагIалида жаниб лъабкъого бажаригун гIакълу-лъай бугев, гIадамазда гьоркьоб рагIи бильлъарав чи туснахъ гьави. Гьел чагIазул нахъ руссун къанагIатги чи вачIинчIо.

СайидхIусенил (р.гI.) хьизамазул гьурмазда чIегIераб накIкI лъун буго лъеберабилел соназул репрессияз, рухIаниязул кIудиявилан вачун СайидхIусен (р.гI.) туснахъ гьавун вуго. Гьесда хадурго гьесул васал АхIмадгун ИсмагIил рачун ун руго. Гьесул вац Абубакар-тIоцеве туснахъ гьаврав чи нахъ вуссун вачIун вуго, гьев вачIунеб сордоялъ СайидхIусенги туснахъ къотIизе вачун ун вуго. КIиявго вац цоцада рихьун гьечIо. СайидхIусенил вац ГIабдулкъадир туснахъ гьавун, араб бакI лъачIого тIагIана.

СайидхIусенгун (р.гI.) туснахъалда вукIун вуго ГIанчихъа ХIажи абулев чи. Гьес бицун буго СайидхIусеница (р.гI.) абунин жив туснахъалъув хвезе вугин, мун эркен гьавизе вугин абун, жиндир васият бугин жив гьодил ракьаги бекун чодаги лъун эхеде вачеян. СайидхIусен (р.гI.) туснахъалъув хун вуго ва гьенив гIаммаб хабалъ вукъула. Гьесда хадув арав вас АхIмадица жиндирго муридзабигун гьев вукъаралъуса къватIивеги вахьун, гьодил ракьаги бекун, хулжинивги лъун, бальго мугIрул гIалахаздасаги, кьурул парсаздасаги, чанил нухаздасаги вачун, вукъизе росулъе вачIуна. Гьев росулъе вачIунев вукIин НКВДялда лъараблъиги лъан, вукъула заманаялъ росдада цебе бугеб гамчIазул гъуниялъув, гьенисанги вахьун, къаси бальгого вукъула ПирмухIаммадхIажиязда (р. гI.) аскIов.

Цо муридас гьесул хIакъалъулъ гьадин хьван буго:

**Акъранал къулулеб къо хIехьарасул**
**ХIамзат ХIусенилгун хIисаб гьабеги.**
**Гьавигун хIакъикъат хIалалъ бицундай,**
**ХIусенин ахIараб инсуца дуде.**
**Питна-гьараялъул ругьнакь хутIидал,**
**Рагъул автадазулъ батила цIар хьван.**
**Хун вуго зулмудукь, диналъ абухъе,**
**АкътIабал урхъарав АбугIабдуллагь.**

**Хадусеб букIине буго**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2000 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе ккола 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# Оперативно-профилактическая операция «Мак-2016»

На территории района с 10.08 по 30.09.2016 г. проводится второй этап межведомственной комплексной оперативно-профилактической операции «Мак-2016», которая направлена на пресечение незаконного оборота наркотических средств растительного происхождения.

Сотрудники полиции обращают внимание владельцев земельных участков на необходимость своевременного уничтожения дикорастущей конопли и мака.

Целью операции является выявление и ликвидация незаконных посевов мака, конопли и других растений содержащих наркотические вещества, очагов их дикого произрастания, а также перекрытие каналов незаконной транспортировки наркотических средств растительного происхождения.

Принятие мер по уничтожению наркотикосодержащих растений, не дожидаясь административного или уголовного воздействия - обязанность каждого гражданина.

Культивирование на земельных участках наркотикосодержащих растений или непринятие землевладельцами и землепользователями мер по их уничтожению, влечет за собой ответственность согласно действующему законодательству.

Статья 231 УК РФ предусматривает ответственность за незаконное культивирование запрещенных растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры в виде штрафа в размере до трехсот тыс. руб. или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период до двух лет, либо обязательными работами на срок до четырехсот восьмидесяти часов, либо ограничением свободы на срок до двух лет, либо лишением свободы на тот же срок.

Те же деяния, совершенные группой лиц по предварительному сговору или организованной группой в особо крупном размере, наказываются лишением свободы на срок до восьми лет, с ограничением свободы на срок до двух лет либо без такового.

Статья 10.5. КоАП РФ. Непринятие мер по уничтожению дикорастущих растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры.

Непринятие землевладельцем или землепользователем мер по уничтожению дикорастущих растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры, после получения официального предписания уполномоченного органа -влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от 1,5 до 2- тысяч рублей;

на должностных лиц -от 3- тысяч до 4- тысяч рублей;

на юридических лиц - от 30-тысяч до 40- тысяч рублей.

Статья 10.5.1. КоАП РФ за незаконное культивирование растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры, если это действие не содержит уголовно наказуемого деяния, влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи пятисот до четырех тысяч рублей или административный арест на срок до 15- суток, на юридических лиц - от 100- тысяч до 300- тысяч рублей.

Владельцам приусадебных и дачных участков следует помнить, что куст конопли может привлечь внимание наркозависимых граждан, «визит» которых, особенно в ночное время, закончится самым плачевным образом.

Главам сельских поселений необходимо принять меры по выявлению и уничтожению дикорастущих посевов конопли, а также проводить разъяснительную работу с населением о запрете выращивания наркотикосодержащих растений.

**Уважаемые цумадинцы!**

ОМВД РФ по району просит вас сообщать и информировать органы полиции обо всех случаях, ставших им известными об употреблении, хранении, перевозке, выращивании наркотических средств гражданами района для принятия соответствующих мер реагирования.

Анонимность и вознаграждение гарантируется.

**Телефон доверия: 8273-2-52-34, 89634105251, 89634159291**

**Отдел МВД РФ по району**

---

Рагъул ва хIалтIул ветераназул районалъул Советалъ зигара балеб буго Теречное росулъ яшав гьабун вукIарав КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи Гьадириса

**Умиев СагIитбег**

къадаралде щвеялда бан гьесул гIагарлъиялда. Хварасул рухI иманалда бахъун батаги.

---

Аллагьасул къадаралде щвана цIиябсасикьдерил лъималазе тарбия-лъай кьолаго гIумру арай, Теречное росулъ гIумру гьабун йикIарай, жинда Аллагь гурхIаяй ТIадгъаквариса

**ГIабдулкаримил яс Марьям.**

ЦIияб Сасикь росдал жамагIаталъ кIудияб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьелъул вас Русланида ва гIагарлъиялда.

Аллагьас хваралъул рухI иманалда бахъун батаги, нахъе ругезе сабругун халатаб гIумру кьеги.

---

# ТIабигIияб балагьалъул хIасилал рукIкIалиде ккезаруна

Гьал къояз горо-цIергун рарал чвахунцIадаз районцентралъул къватIазда иххалъ баччун бачIана гIемераб рищни-къул, сали. МагIардаса чвахун рачIарал иххаз КIочIали ва Болъихъе машинаби хьвадулел шагьранухал къан рукIана чвахунцIад бан хадуб, амма районалъул тракторазда хIалтIулел гIолохъабазул жигарчилъиялъ гьебго сордоялъ машинаби ва гIадамал хьвадулеб нух рагьана.



ЦIад бан хадусеб къоялъ радалго, районалъул ва Агъвали росдал администрациялъул хIалтIухъабигун цогидалги гIолохъабаз гвай гьабун, райцентралъул къватIал рищни-къулалда баса салиялдаса рацIцIана. Субботникалда гIахьаллъаразе Аллагьас кири кIодо гьабеги.

Хасаб баркала сордо-къо батIа бахъичIого нух бацIцIиялда хIалтIарал трактористал МухIамадхIабиб ЯхIяевасе, ДингахIажи МухIамадовасе ва ГIисадибир МухIамадовасе.

**МухIамад Къасумов**

---

Пачалихъияб кумек

## ЦIалул тIахьал росизе гIарац

ГIемер лъимал ругел ва дагьго хьезарурал хъизаназдаса тIоцебесеб классалда цIализе рачарал лъималазе цIалул тIахьал росизе хIукуматалъ бихьизабун буго цонухалъулаб пособие - 2000 гъурущ.





Гьелъие документал хIадуризе гIарзагун ине бегьула «Дир документал» гIемеррахьазулаб централде, гьединго гIадамал социалияб рахьалъ цIунийялъул районалъул управлениялде ва УСЗНалъ гьабула хIукму гIарац кьезе яги инкар гьабизе.

Гьеб щвезе бокьараз кьезе ккола хадур рехсарал документал:

хъизаналъе щолеб доходги бихьизабун, гIарза;

тIоцебесеб классалде бачараб лъимер гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство;

хъизаналъул къадар бихьизабураб справка;

лъимералъул цоял умумузул, яги лъимер хьихьизе бачаразул цоял умумузул хьвай-хьвагIай бугеб бакIалдаса УСЗНалъ кьураб справка, жидеца гьеб мурадалъе бихьизабураб гIарац босичIеблъи бихьизабураб;

лъимер гьаб соналъ тIоцебесеб классалда цIализе бачиналъул справка;

умумузул пенсионнияб страхованиялъул свидетельствабазул копияби;

умумузул хIалтIулеб бакI ва харж бихьизабураб справка;

пенсионнияб Фондалдаса справка;

банкалъул счеталъул реквизитал.

Цо нухалъ кьолеб гьеб гIарац ккола мурадалде балагьизабураб ва гьеб щвезе документал кьун лъуг1изе ккола гьаб соналъул 30 ноябралде щвезег1ан.

Цо-цо гIиллабазда бан, гьаб соналъ босичIого танилан, гIарцул къадар цIикIкIунаро, ва гIужда гIарац босичIезул ихтияр букIунаро хадубккун гьеб босизе.

Цо хъизаналдаса тIоцебе школалде унеб щибаб лъимералъе кьезе бихьизабун буго гьеб гIарац.

**Мадина Измаилова**